



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 2/14/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INISYATIV POU RANFÒSE EFÒ ETA KONT-DISKRIMINASYON**

***Yo te lanse pwogram ranfòsman pou derasinen diskriminasyon nan tranzaksyon lavant kontra lwaye ak lavant kay***

***Yo te rezoud 123 plent pou viktim diskriminasyon lojman yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse lansman yon Pwogram Ranfòsman Lojman Ekitab – yon inisyativ demaraj pou dekouvri diskriminasyon nan kay lwaye ansanm avèk nan tranzaksyon vann kay. Anplis, Gouvènè a te mande Divizyon Dwa Imen ak Depatman Eta pou pwopoze nouvo règleman pou ranfòse efò lojman eta nan non tout Nouyòkè yo. Inisyativ sa yo se dènye aksyon agresif pou pwoteje moun yo ki pi vilnerab nan eta kont pratik ilegal lojman. Gouvènè a te pibliye tou rezilta ki soti nan 123 plent lojman ki te lakoz nan règleman pou moun yo ki pretann te eksperimante diskriminasyon lojman baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, andikap ak stati famiyal.

“Verite senp, ki fè mal la sèke pou tout pwogrè nou yo pou kreye yon pi bon sosyete, diskriminasyon toujou egziste e byen nan Etazini jodia. Nou pap aksepte l nan New York,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Aksyon sa yo ap kenbe founisè lojman yo responsab– e nou pap ezite redwi sou sila yo kap kraze lwa a. Nap fè tout sa nou kapab pou derasinen diskriminasyon kote li montre prezans endezirab li nan fason pou kreye kominote ki pi enkliziv nan eta.”

### ***Pwogram Ranfòsman Lojman Ekitab***

Pou dekouvri diskriminasyon nan kay lwaye ak tranzaksyon lavant epi asire ke founisè lojman yo konfòme avèk lwa sa yo, Gouvènè a jodia te lanse Pwogram Ranfòsman Lojman Ekitab. Yo te anboche twa ajans lojman pou fè patenarya avèk eta pou konplete pwogram ranfòsman an: Housing Opportunities Made Equal (HOME) nan Buffalo, CNY Fair Housing nan Syracuse, ak Westchester Residential Opportunities nan Westchester, Rockland ak Konte Putnam.

Daprè nouvo pwogram sa, Divizyon Kay ak Renouvèlman Kominotè ap travay pou sovegade dwa tout Nouyòkè yo ap itilize “testè” lojman ekitab fòme avèk divès orijin rasyal ak nivo ekonomik, ki egalman reprezante paran, ak moun ki gen andikap. Testè sa yo ap aji kòm potansyèl lokatè oswa moun kap chèche kay e li pral teste pou diskriminasyon patipri pami vandè ak mèt kay yo. Testè yo ap travay an ekip e yap

prezante revni menm jan ak pwofil karyè pou ajan imobilye ak pwopriyetè kay yo nan yon fason pou yo ka jwenn lojman. Yap dokimante tretman ke testè a resevwa e yap analize rezilta yo. Lè yo dekouvri posib diskriminasyon yo pral envestige epi pouswiv li. Ranfòsman lojman ekitab ap gen ladan tou envestigasyon sou ajan imobilye, pwopriyetè ak mèt kay yo ki gen entèdiksyon pou fè diskriminasyon nan lokasyon oswa lavant kay nan Eta New York.

Daprè toulède lwa sou Lojman Ekitab Federal ak Lwa sou Dwa imen, li ilegal pou fè diskriminasyon nan lavant, lokasyon, oswa kontra lwaye baze sou andikap, ras, koulè, orijin nasyonal, oswa estati familyal. Lwa a aplike pou founisè lojman yo, mèt kay ansanm avèk ajan manadjè, ansanm avèk ajan imobilye ak koutye yo. Founisè Lojman yo dwe fè modifikasyon ak akomodasyon rezonab pou pèmèt moun yo ki gen andikap itilize plènman kay yo. Lè yon founisè lojman neglije pou konfòme avèk lwa eta ak federal sou dwa sivil, pwoteje klas tankou minorite rasyal ak moun ki gen andikap kap eseye jwennabri nan yon gwoup ki menm pi piti kote pou yo abite.

“Refize aksè a lojman, keseswa atravè diskriminasyon oswa asèlman kondwi pa avari, li inadmisib ak ilegal,” **te deklare Komisyonè HCR James S. Rubin**. “HCR, grasa nouvo Pwogram Ranfòsman Lojman Ekitab ak aktivite ki ankou nan Inite Pwoteksyon Lokatè Gouvènè a, ap avanse nan fason ki pwo-aktif pou fè respekte lalwa. Pou fè li parèt klè: pratik diskriminasyon toujou abominab e yap envestige ak pouswiv li.”

“Opòtinite Rezidansyèl Westchester ap travay nan non kominote ak moun yo pou elaji aksè a lojman san-diskriminasyon,” **te deklare Geoffrey Anderson, Direktè Egzekitif, Westchester Residential Opportunities, Inc.** “Nou kontan paske patenarya sa avèk Gouvènè Cuomo ak Eta New York ap plis ranfòse misyon pataje nou pou elimine diskriminasyon lojman ilegal. Moun ansanm avèk fanmi yo ki bezwen yon lojman ta dwe jwenn akèy kèlkeswa kote yo chwazi pou abite.”

“HOME tap travay depi 1963, ede moun yo jwenn aksè a opòtinite lojman kap mache pou yo,” **te deklare Scott Gehl, Direktè Egzekitif, Housing Opportunities Made Equal (HOMENY)**. “Nou pataje angajman Gouvènè a pou aksè a lojman ekitab ak jis-prejije yon mèt kay oswa pèsesyon inisyal de yon lokatè se pa yon baz pou refize lojman.”

Objektif santral CNY Fair Housing se pou kreye epi soutni katye divès yo,” **te deklare Sally Santangelo, Direktè Egzekitif, CNY Fair Housing**. “Nou fè sa grasa defans, edikasyon ak efò ranfòsman, epi avèk prekosyon ak grasa tès mache imobilye rezidansyèl. Sektè lojman an osi sansib nan pratik diskriminasyon tankou nenpòt lòt-konsyaman oswa enkonsyaman. Nou fyè pou nou travay avèk Gouvènè a sou efò konsète sa pou idantifye epi retire obstak nan lojman ekitab.”

### ***Regleman pou Ranfòse aplikasyon kont diskriminasyon lojman***

Règleman yo ki pwopoze nan Divizyon Dwa Imen Eta New York ap klarifye ke se yon pratik ilegal dapre lwa sou dwa imen Eta pou diskrimine kont moun akòz de relasyon

oswa asosyasyon avèk manm yo nan yon klas pwoteje. Règleman sa yo ap asire ke tout Nouyòkè yo konnen ke yo gen dwa pou lwe oswa achte espas rezidansyèl oswa komèsyal, oswa frekante plas kote magazen, restoran oswa teyat, kèlkeswa ras, koulè, kwayans, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, andikap oswa lòt karakteristik pwoteje nan manm fanmi yo, asosye, oswa kliyan.

Pa egzanp, yon manman kap chèche lojman pa ka jwenn refi pou yon apatman akòz ras oswa andikap pitit li. Yo pa ka degèpi yon lokatè oswa refize tèm aksè egal akòz ras, kwayans, orijin nasyonal oswa oryantasyon seksyèl, sou zanmi lokatè a kap vizite apatman an. Yon moun kap bay sèvis pou imigran yo pa ta dwe sibi diskriminasyon akòz de kwayans oswa orijin nasyonal kliyan l, osijè pou lwe yon apatman rezidansyèl, oswa lwe yon espas biwo pou bay sèvis sa yo. Yon pratik medikal kap bay sèvis swen sante ki spezialize nan kondisyon medikal ki gen rapò avèk VIH/SIDA pa ka jwenn refi pou espas komèsyal, oswa jwenn tèm oswa kondisyon inegal pou yon kontra lwaye, akòz de nati andikap kliyan.

Règleman sa yo ap aplike odela de chèche kay ak pwopriete komèsyal, pou tout zòn pwoteje yo anba lwa sou dwa imen, enkli akomodasyon piblik, travay, ak kredi. Osijè akomodasyon piblik, tankou restoran, magazen oswa sinema, si yon gwoup kliyan viktim diskriminasyon akòz de ras oswa lòt karakteristik pwoteje de kèk manm nan gwoup la, alòs tout manm yo nan gwoup la ap gen yon reklamasyon valab pou diskriminasyon.

Egalman, sou demann Gouvènè a, Depatman Eta ap pwomilge règleman pou spesifye ke kondwit diskriminasyon entèdi pa lalwa e depatman an ap pran lòt aksyon pou revoke lisans nenpòt vandè ke yo te jwenn ki te angaje nan kondwit diskriminatwa pa nenpòt ajans federal oswa eta oswa tribinal ki gen jiridiksyon konpetan. Depatman Eta ap enfòmè endistri ajan imobilye a tou sou nouvo règleman yo epi devlope gid detaye ki enfòmè koutye imobilye ansanm avèk vandè yo osijè obligasyon yo dapre lalwa. Nan 2015, dapre Asosyasyon Ajan Imobilye Eta New York, ajan imobilye New York yo te fè plis pase 116,000 tranzaksyon lavant imobilye rezidansyèl e yo te kenbe plis pase 100,000 lis ki aktif nan fen ane.

**Komisyonè Divizyon Dwa Imen Helen Diane Foster te deklare:** “Aksè a lojman se yon dwa imen debaz e nou vle ke tout Nouyòkè yo konnen si yo te viktim, Divizyon an ap itilize tout mwayen nan dispozisyon l pou asire ke yo ka jwi de dwa yo e ke founisè lojman yo konprann obligasyon yo anba lwa sou dwa imen Eta.”

### ***Plent ki te rezoud nan non Viktim Diskriminasyon Lojman***

Divizyon Dwa Imen Eta New York pa twò lontan de sa te rive jwenn yon antant sou 123 ka ke yo te depoze nan eta sou swadizan diskriminasyon lojman nan 2015, sa ki te lakoz nan domaj pou viktim yo, ansanm avèk benefis anplis ki pa lajan tankou rabè lwaye, rediksyon peman lwaye, amelyorasyon kondisyon kay ak modifikasyon rezonab tankou ranp ak antre aksesib pou moun ki gen andikap yo. Rezolisyon sa yo ap enfòmè efò Gouvènè a pou diminye sou vyolasyon yo epi pwoteje kont pratik lojman ilegal.

Etandi reklamasyon ak tandans yo nan rejyon yo ap enfòm pwogram ranfòsman nan tout eta. An mwayèn yo te depoze plis pase 500 ka diskriminasyon lojman avèk otorite lokal, eta ak federal.

Wap jwenn yon repatisyon rejyonal sou 123 ka sa yo anba – remake ke sèten ka ki te gen plent ki enplike plis pase yon ka baze sou diskriminasyon.

### Diskriminasyon Lojman baze sou ras

DHR te rezoud 41 plent diskriminasyon lojman ki baze sou ras, koulè oswa orijin nasyonal. Pami yo, 17 ka te soti nan Vil New York, nèf te soti nan Hudson Valley, sèt nan Long Island, twa nan rejyon Finger Lakes, twa nan Capital Region, youn te soti nan Central NY, ak youn nan Lwès NY.

Règleman sa yo gen ladan

- Yon posib lokatè nan Rochester te depoze yon plent sou swadizan yon koutye nan yon konpayi imobilye ki te refize l opòtinite pou gade ak pou aplike pou yon apatman akoz ras li, e li te fè fo afimasyon pou dekouraje l pou pa kontinye sou inite a. Koutye a te gen obligasyon pou peye domaj.
- Yon manman Afriken-Ameriken ki gen twa pitit te deklare nan plent li ke administrasyon apatman bilding lan kote li abite a nan Konte Suffolk refize pou mete l nan yon lis datant twa chanm akouche, pandanke lòt rezidan blan yo te jwenn transfè imedyat nan inite sa yo. Nan kad règleman an, administrasyon an te retounen depo sekirite e li te peye pou depans demenajman yo.

### Diskriminasyon Lojman kont moun ki gen andikap

DHR te rezoud 91 plent diskriminasyon lojman ke moun ki gen andikap te depoze nan tout eta. Pami yo, 34 ka te soti nan Vil New York, 16 nan Hudson Valley, 15 nan Long Island, nèf te soti nan Capital Region, senk te soti nan Lwès NY, kat te soti nan Finger Lakes, kat te soti nan Southern Tier, de nan Mohawk Valley, youn te soti nan Central NY, e youn te soti nan North Country.

Pami ka ki pi remakab yo se:

- Yon fi ki soti nan Ossining te resevwa domaj lajan pou regle yon swadizan plent ke administrasyon bilding li a te refize mete yon ranp nan bilding lan sa ki ta rann li aksesib pou pitit fi l itilize yon chèz woulant akoz de andikap li.
- Yon lokatè nan Saratoga Springs pretann ke mèt kay li refize renouvle kontra lwaye l paske li gen anpil andikap. Li pretann tou ke mèt kay la te refize bay yon espas paking aksesib pou pitit li ki andikape. Mèt kay la te oblije peye lajan domaj epi eskize yon jijman anvan li te pran kont lokatè a.

### Diskriminasyon Lojman kont fi

DHR te rezoud 26 plent ki baze sou diskriminasyon kont fanmi yo ki gen timoun ak fi ansent. Pami yo, onz ka te nan Vil New York, sis te soti nan Hudson Valley, kat te soti

nan Long Island, de te soti nan rejyon Finger Lakes, de te soti nan Lwès New York, ak youn te soti nan Central NY.

Pami ka ki pi remakab yo se:

- Yon koup te pretann ke yo te refize yo opòtinite pou achte yon apatman nan yon Rye co-op paske yo te gen twa timoun minè. Pandan peryòd evidans investigasyon an yo te jwenn ke endikasyon pa gen okenn timoun kap viv avèk co-op. Koup la te resevwa yon règleman monetè pou rezoud pwoblèm sa.
- Yon fi ki pretann ke yo te refize l opòtinite pou lwe yon apatman nan Konte Suffolk paske mèt kay la ak ajan imobilye yo te panse ke timoun pitit yo kap kriye tap deranje vwayen yo anlè a. Mèt kay la te peye domaj monetè pou rezoud ka.

New York gen distenksyon fyè pou l premye eta nan peyi a pou adopte yon lwa sou dwa imen, sa ki pèmèt a chak sitwayen “yon opòtinite egal pou pwofite yon lavi konplè ak pwodiktif.” Divizyon Dwa Imen se ajans ki anchaj pou ranfòse lwa sa, ki entèdi diskriminasyon nan travay, lojman, akomodasyon plas piblik, kredi, ansanm avèk lòt jiridiksyon, baze sou laj, ras, orijin nasyonal, sèks, oryantasyon seksyèl, stati matrimonyal, andikap, stati militè, ansanm avèk lòt klas spesifye. Pou w jenn plis enfòmasyon sou lwa ak travay ajans lan, tanpri vizite sitwèb Dwa Imen nan [www.dhr.ny.gov](http://www.dhr.ny.gov) oswa rele 1-888-392-3644.

###

Nouvèl anplis disponib nan sit entènèt [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418